



Massachusetts EA Emergency Family Shelter

This application is available in English
Esta solicitud está disponible en español.
Aplikasyon sa a disponib an kreyòl ayisyen

Este formulário está disponível em português
Es kandidatura sta disponivel na kriolu di Kabu Verdi.

Aplikasyon sa a se premye etap pou jwenn aksè avek Chèltè Familyal EA ak lòt avantaj. Se sèlman fanmi ki elijib ki pa gen okenn kote ki an sekirite pou rete ki ka jwenn avantaj sa yo. Nou pral poze w kesyon sou moun ou pral mennen avèk ou nan chèltè a. Nou rele yo "manm fanmi w" nan aplikasyon sa a.

Aplikasyon sa a ap pran 20-30 minit.

Aplikasyon an pral mande w sì:

- Detay sou lojman ou nan dènye 90 jou ki sot pase yo.
- Non, dat nesans, ak nimewo sekirite sosyal, si genyen, tout moun w ap aplike pou yo. Ou pa oblige mete yon nimewo sekirite sosyal si yo pa gen youn.
- Enfòmasyon sou bezwen fanmi w
- Revni fanmi w
- Byen fanmi w

Ou pral oblige ban nou dokiman tou pou pwouve kèk nan bagay ou di nou sou fanmi ou. Y ap trete aplikasyon an pi vit si w enkli tout dokiman sa yo:

- Prèv Idantite pou Adilt nan Fanmi an
- Prèv Relasyon Fanmi
- Prèv Revni ak Byen
- Prèv Estati Imigrasyon (si sa nesesè)
- Prèv Rezidans de Massachusetts
- Prèv Rezon pou Sanzabri

Nou ka mande lòt dokiman tou. **Tanpri sonje soumèt aplikasyon sa a pa vle di ou apwouve pou chèltè.**

Dat Jodi a (Mwa/Jou/Ane)

<input type="text"/>				
----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------



Ede avèk Aplikasyon w lan

Sa a se yon dokiman enpòtan. Anvan ou kòmanse, tanpri konnen ke nou la pou asire ke ou ka byen konprann li epi ranpli li.

Èske gen yon moun ki ede ou ak aplikasyon sa a? Sa a ta ka yon zanmi fanmi oswa yon defansè. (Nou ka kontakte moun sa a.)

Wi Non

Si wi, ki moun sa a epi ki jan nou ka kontakte l?

Èske ou bezwen èd nan men nou pou ranpli aplikasyon sa a?

Wi Non

Èske w bezwen èd pou rasanble epi ban nou dokiman pou aplikasyon w lan?

Wi Non

Kesyon Debaz

Pa konte tèt ou, pou konbyen moun w ap aplike?

--	--

Konbyen moun ki poko gen 21 ane?

--	--

Èske ou menm oswa yon manm fanmi ou ansent?

Wi Non

Èske w ap aplike pou chèltè pou DCF ka remèt ou timoun ou yo?

Wi Non

Èske oumenm oswa yon manm fanmi w ap viv nan Massachusetts?

Wi Non

Si non, Èske ou te vini nan eta sa a sèlman pou jwenn chèltè?

Wi Non

Dapre lalwa, chèltè a gen yon limit nan dire rete a. Si yo jwenn ou elijib pou avantaj chèltè, èske ou prevwa rete nan eta sa a lè ou kite chèltè a?

- Plan moun lakay mwen se pou n rete viv nan MA
- Moun lakay mwen pagen plan pou rete nan MA

(Y ap mande w enfòmasyon sou manm fanmi an pita nan aplikasyon sa a.)



Kesyon Debaz

Ki revni total fanmi ou touche nan dènye 30 jou ki sot pase yo? Revni ou touche a gen ladan salè oswa peman nan yon travay.

Ki revni total ou pa touche nan dènye 30 jou ki sot pase yo? (Revni ki pa touche gen ladan lajan gouvènman an ak lajan yon moun ki pa aplike pou chèltè avèk ou. Egzanp yo se SSDI, asistans lajan kach, sipò pou timoun ak pansyon alimantè. Revni sa pa enkli SNAP oswa koupon pou manje.)

Ki jan ou fe vin sanzabri? Tanpri chwazi sitiyasyon ki pi bon pou ou:

- Vyolans Domestik oswa abi
- Ekspilsyon (yon jij te bay lòd pou ou kite, oswa ou te siyen yon akò pou Jijman nan tribinal.)
- Kay mwen pa an sekirite pou fanmi mwen viv ladan
- Dife, inondasyon, oswa dezas natirèl nan Massachusetts
- Yo te mande l pou l kite yon Pwogram Lavi Adolesan
- Si nou pa antre nan chèltè jodi a, nou pral dòmi nan yon kote ki pa fèt pou moun rete. (Pa egzanp, yon machin, lopital oswa ayewopò)
- Lòt rezon (Si w chwazi, tanpri eksplike)

Enfòmasyon w yo

Non Aplikan an

Siyati Aplikan an

Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--	--

Ras ak Orijin Etnik

- Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska oswa Endijèn
- Azyatik oswa Azyatik Ameriken
- Nwa, Afriken Ameriken, oswa Afriken
- Panyòl/Latina/e/o
- Mwayen Oryan oswa Afrik Dinò
- Natif Awayi oswa Zile Pasifik
- Blan
- Pa konnen
- Mwen prefere pa reponn

Nimewo Telefòn

--

Tip Telefòn: Mobil Lòt

Èske ou dakò pou resevwa mesaj tèks?
 Wi Non



Enfòmasyon w yo

Adrès Imèl

Èske adrès postal ou diferan de adrès aktyèl ou a?

Wi Non

Si wi , Liy Adrès pa Lapòs 1

Sèks

- Fanm (Tifi, si se timoun)
- Gason (Ti gason, si se timoun)
- Idantite Kiltirèl Espesifik (egzanp De Lespri)
- Transjan
- Non-Binè
- Nan pwosesis pou konnen I
- Idantite Diferan
- Pa konnen
- Mwen prefere pa reponn

Adrès Kote w ap viv

Vil La

State

Kòd Postal

Èske w te janm sèvi nan sèvis militè aktif Etazini?

Wi Non

Ou se yon sitwayen ameriken?

Wi Non

Si non, Èske yo gen yon kat rezidans?

Wi Non

Si non, Ki dat ou te antre Ozetazini?

(Mwa/Jou/Ane)



Enfòmasyon w yo

Depi Konbyen tan w ap viv nan Massachusetts?

- Mwen pase 30 jou
 31-90 jou
 Plis pase 90 jou

Si ou pase 90 jou, Ki dat ou te antre MA?
(Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--

Si ou pase 90 jou, anvan ou te vin isit la, ki kote ou t ap viv?

--

Èske w gen lòt estati imigrasyon Ozetazini? Pa egzanp: TPS, F-1, B-2, U-Visa, T-Visa, elatriye.

- Wi Non

Si yo pa gen okenn lòt estati imigrasyon, èske gouvènman ameriken an ap kite yo viv Ozetazini san yo pa eseye fè ou kite imedyatman? Sa a rele tou rezidans pèmanan anba kouvèti lalwa. Pa egzanp: I-94, Aplikasyon pou Azil Annatant (I-589), Demann Annatant pou Sitwayènte (I-130).

- Wi Non

Ki nimewo ka tribinal imigrasyon an? (Yo rele sa tou nimewo-A ou)

--

Èske ou gen yon pèmi travay gouvènman ameriken an pou travay isit la?

- Wi Non

Si non, èske w ap tann pou gouvènman ameriken an deside sou yon aplikasyon pou pèmi travay?

- Wi Non

Ou dwe ajoute omwen yon valè pou Peyi Sitwayènte a

--

Enfòmasyon Finansye ou

Èske ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te resevwa yon revni nan 30 dènye jou yo?

- Wi Non

Èske w ap resevwa benefis kounye a nan yon lòt eta Ozetazini? Pami Kèk egzanp ka gen pwogram asistans alimantè (tankou SNAP), asistans lajan kach (tankou TANF), lojman gouvènman an sibvansyone (tankou lojman piblik), ak asistans medikal (tankou Medicaid).

- Wi Non

Si wi, Ki Eta?

--



Enfòmasyon Finansye ou

Èske ou menm oswa yon moun nan fanmi ou gen byen?

- Wi Non

Èske revni fanmi ou chanje dènyèman, oswa ou espere li pral chanje byento?

- Wi Non

Si wi, tanpri eksplike poukisa:

Istwa Kriminèl

Si ou kalifye pou chèltè familyal, nou vle mete fanmi ou nan chèltè ki apwopriye a. Repons sou kesyon sa yo pa pral afekte kalifikasyon w. Repons yo ap ede nou chwazi bon chèltè pou fanmi ou.

Èske yon tribunal te deja deside w koupab de yon krim?

- Wi Non

Èske gen akizasyon kriminèl ki annatant kounye a?

- Wi Non



Rezon ki fè w Sanzabri

Èske w te yon lokatè nan lojman publik oswa sibvansyone nan dènye 3 ane yo?
(Sa a se kalite lojman kote lwave ou chanje si revni ou chanje.)

Wi Non *(Si Non, ale nan pwochen paj la.)*

Si wi, tanpri eksplike:

Si wi, nan ane ki sot pase a, èske ou te kite tip lojman sa a san yo pa mete ou deyò oubyen te ekspilse ou?

Wi Non

Nan 3 dènye ane yo, èske yo te ekspilse w nan tip lojman sa a paske w pa t peye lwave w? Nan 3 dènye ane yo, èske yo te ekspilse w nan tip lojman sa a pou fwod ou te komèt?

Pa Peye Lwave Fwod

Si wi, tanpri eksplike poukisa:

Èske rezon ki fè yo te ekspilse w la te gen rapò ak yon andikap oswa yon pwoblèm medikal?

Wi Non

Depi w demenaje a, èske w te viv yon lòt kote pwopriyetè a te ba w pèmisyon pou w viv ladan?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike poukisa::

Èske rezon ki fè yo te ekspilse w oswa mete w deyò a te gen rapò ak vvolans domestik?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike::

Si wi, ban nou kote, dat, ak non delenkan an:

Èske ap gen danje pou rele w nan nimewo telefòn ou te bay nan aplikasyon an?

Wi Non



Rezon ki fè w Sanzabri - Ekspilsyon

Reponn sèlman si w tcheke "Eviksyon" nan paj 3.)

Mwen ekspilse paske: (Tcheke tout sa ki aplikab.)

- Kondanasyon: Gouvènman an te di moun pa ka viv nan kay mwen an
- Sezi: Pwopriyetè kay mwen an te remèt li bay bank lan oswa yon lòt moun (e se pa t fòt mwen).
- Kontra-lwaye Pa renoukle: Mèt kay mwen an pa t renoukle kontra-lwaye mwen an menm si mwen pa t vyole kontra-lwaye a.
- Konpòtman yon lòt moun: Aksyon yon moun mwen pa t gen kontwòl sou li. Moun sa a p ap aplike pou chèltè avè m.
- Lwaye pa Peye:
- Mwen pa t peye lwaye mwen akoz yon pwoblèm medikal oswa yon andikap. (Tanpri eksplike anba a).
 - Mwen pa t peye lwaye m paske fanmi m te pèdi revni. Pèdi revni an se pa t fòt mwen.
 - Mwen pa t peye lwaye m paske revni fanmi m te diminye lè yon moun te demenaje.
 - Lòt (Tanpri eksplike anba a)
- Aktivite Kriminèl:
- Mwen te komèt krim nan paske yon agresè te fè m fè sa. Li te danjere pou mwen si m pa patisipe
 - Mwen te komèt krim nan, men li te gen rapò ak yon pwoblèm medikal oswa andikap
 - Yon moun ki pa aplike pou chèltè avèk mwen te komèt krim lan.
- Domaj sou Pwopriyete: Yon manm fanmi an te lakòz domaj sou pwopriyete a
- Domaj pwopriyete a te fèt akoz vyolans domestik.
 - Domaj pwopriyete a te rezulta yon pwoblèm medikal oswa andikap
- Nenpòt lòt reson. Tanpri Eksplike:



Rezon ki fè w Sanzabri - Vvolans Domestik

(Reponn sèlman si w tcheke "Vvolans Domestik" nan paj 3.)

Ou te endike rezon ki fè ou sanzabri se akòz Vvolans Domestik. Tanpri reponn kesyon ki anba yo nan pi bon kapasite w pou ede nou jwenn lojman ki an sekirite pi vit pou ou. Si w pa santi w alèz pou w reponn kesyon sa yo, ou ka kite yo vid. Yon Kowòdonatè Sanzabri pral kontakte w pou plis enfòmasyon.

Deskripsyon ensidan resan (yo):

Kote dènye ensidan an te rive:

Non Delenkan an / Siyati Delenkan an

Dat Dènye Ensidan an?
(Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--

Èske ap gen danje pou rele w nan nimewo telefòn ou te bay nan aplikasyon an?

Wi Non

Rezon ki fè w Sanzabri - Yo te mande l pou l kite yon Pwogram Lavi Adolesan

Èske yo te mande w kite twa Pwogram Lavi Adolesan?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike rezon an (yo):



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri antre detay pou lòt manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a. Ou pa bezwen antre enfòmasyon sou tèt ou, paske sa te deja fèt.

Non konplè	Sèks*	Ras ak Orijin Etnik**	Relasyon avèk Chèf Fwaye a	Dat Nesans

* Opsyon Sèks:		** Opsyon Ras ak Orijin Etnik:	
Fanm (Tifi, si se timoun)	Nan pwosesis pou konnen l	Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska oswa Endijèn	Natif Awayi oswa Zile Pasifik
Gason (Ti gason, si se timoun)	Idantite Diferan	Azyatik oswa Azyatik Ameriken	Blan
Idantite Kiltirèl Espesifik (egzanp De Lespri)	Pa konnen	Nwa, Afriken Ameriken, oswa Afriken	Pa konnen
Transjan	Mwen prefere pa reponn	Panyòl/Latina/e/o	Mwen prefere pa reponn
Mwen prefere pa reponn		Mwayen Oryan oswa Afrik Dinò	



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri antre detay pou lòt manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a. Ou pa bezwen antre enfòmasyon sou tèt ou, paske sa te deja fèt.

Non konplè (Lis tout manm fanmi yo)	Èske yo ap resevwa benefis kounye a nan yon lòt eta Ozetazini?*	Nan lekòl, si wi, ki klas	Non lekòl la? Adrès Lekòl la?

*Pami Kèk egzanp ka gen pwogram asistans alimantè (tankou SNAP), asistans lajan kach (tankou TANF), lojman gouvènman an sibvansyone (tankou lojman piblik), ak asistans medikal (tankou Medicaid).



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri antre detay pou lòt manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a. Ou pa bezwen antre enfòmasyon sou tèt ou, paske sa te deja fèt.

Non Konplè (Lis tout manm fanmi yo)	Sitwayen (Si / Non)	Depi Konbyen tan yo ap viv nan Massachusetts? (kantite jou)	Ki dat yo te antre nan Massachusetts? (Dat Nesesè)	Anvan yo te vin isit la, ki kote yo t ap viv?*

* Ki nimewo ka tribinal imigrasyon an? (Yo rele sa tou nimewo-A ou)



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri antre detay pou lòt manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a. Ou pa bezwen antre enfòmasyon sou tèt ou, paske sa te deja fèt.

Non Konplè (Lis tout manm fanmi yo)	Èske yo gen yon rezidans (Si /Non)	Si Non, Èske yo gen lòt estati imigrasyon Ozetazini? (Si /Non)	Peyi Sitwayènte	Ki dat yo te antre Ozetazini



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri antre detay pou lòt manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a. Ou pa bezwen antre enfòmasyon sou tèt ou, paske sa te deja fèt.

Non Konplè <i>(Li tout manm fanmi yo)</i>	Èske yo genyen PRUCOL* estati? (Si / Non)	Peyi Sitwayènte	Ki dat ou te antre Ozetazini?

* PRUCOL - Sa a rele tou rezidans pèmanan anba kouvèti lalwa. Pa egzanp: I-94, Aplikasyon pou Azil Annatant (I-589), Demann Annatant pou Sitwayènte (I-130).



Istwa Kriminèl

Ou te di konsa ou gen istwa kriminèl nan fanmi w. Ou dwe ajoute istwa kriminèl pou manm ou te di ki gen yon istwa kriminèl la pou n ka kontinye.

Si ou elijib pou chèltè familyal, nou vle mete fanmi ou nan chèltè ki apwopriye a. Repons sou kesyon sa a ka gen enpak sou elijiblite w. Repons lan ap ede nou chwazi bon chèltè pou fanmi ou.

Moun k ap vi nan kay la:

Èske yon tribinal te jwenn ou koupab de krim sa a oswa èske akizasyon yo annatant pou kounya?

Jwenn ou Koupab Akizasyon/Chaj Annatant

Poukisa yo te jije w koupab? Tanpri mete nivo krim lan (tankou yon deli oubyen yon gwo krim)

Nan ki Eta oubyen Tèritwa jijman an te fèt?

Nan ki tribinal kondanasyon an te fèt?

Eta Federal Lot Si se lot, tanpri eksplike

Si lòt, tanpri eksplike

Ki kote akizasyon kriminèl ki annatant kounye a te fèt?



Revni Fanmi an

Tanpri ajoute detay sou revni anvan taks pou tout moun ki pral nan chèltè a avèk ou. Revni enkli peman oswa salè nan yon travay, lajan nan men gouvènman an (egzanp: SSDI oswa asistans lajan kach), ak lajan yon moun ki pa aplike pou chèltè avèk ou (egzanp: sipò pou timoun oswa pansyon alimantè). Revni pa enkli SNAP oswa koupon pou manje.

Non Konplè <i>(Lis tout manm fanmi yo)</i>	Kalite revni	Revni Fanmi an nan dènye 30 jou yo
	Ki revni total fanmi ou touche pandan 30 dènye jou yo? Revni ou touche a enkli salè oswa peman nan yon travay.	
	Ki revni total ou pa touche nan 30 jou ki sot pase yo? Revni ki pa touche enkli lajan gouvènman an ak lajan yon moun ki pa aplike pou chèltè avèk ou. Egzanp yo se SSDI, asistans lajan kach, sipò pou timoun ak pansyon alimantè. Revni pa enkli SNAP oswa koupon pou manje.	
	Lòt èd finansye tankou: ede peye bòdwo.	
	Total	



Byen Fanmi an

Tanpri mete byen tout moun ki pral abite avèk ou. Byen yo enkli kont chèk, kont epay, ak kont retrèt (IRAs ak 401Ks). Anplis de sa, byen yo enkli machin ak lòt atik tankou bagay ki gen valè oswa pwopriyete.

Non Konplè <i>(Lis tout manm fanmi yo)</i>	Kalite Byen	Valè Byen
	Kont Kouran	
	Kont Depay	
	Kont Retrèt (IRAs, 401K)	
	Machin ak lòt atik	
	<i>Tankou bagay ki gen valè oswa pwopriyete</i>	
	Total Byen (eksepte machin)	

Si ou gen yon machin, tanpri ban nou make machin nan, modèl, ane ak kantite mil estime. Di nou tou si w gen yon prè machin (konbyen ou dwe) oswa si w ap lwe machin ou.

.....

Si ou gen lòt byen, tanpri eksplike:

.....



Opsyon Lojman

Ki kote ou te rete yè swa?

Tanpri ajoute detay pou kote w ap rete kounye a ak tout kote ou te rete pandan dènye 90 jou ki sot pase yo:



Opsyon Lojman

Èske ou ta ka rete isit la aswè a?

Wi Non

Si wi, pou Konbyen tan?

Si non, poukisa?

Èske sa se lojman piblik oswa sibvansyone? Se tip lojman kote lwaye a chanje si revni lokatè a chanje.

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike:

Opsyon Lojman

Èske gen yon moun nan fanmi w ki gen yon andikap oswa yon pwoblèm medikal ki anpeche w rete nan kote sa a?

Wi Non

Èske te gen vyalans kont yon moun nan fanmi ou nan kote sa a? Èske gen moun k ap viv nan kote sa a blese yon moun nan fanmi ou?

Wi Non

Important!! Nou ta renmen kontakte moun ou te rete avèk yo nan 30 dènye jou yo pou wè si yo pral kite w rete avèk yo. Èske w pè pou yon moun ta fè oumenm oswa yon manm fanmi w mal si nou kontakte li?

Si wi , èske gen yon moun ki an sekirite nou ka kontakte ki ka di nou poukisa ou pè ?

Wi Non

Si wi, tanpri ban nou non yo, nimewo telefòn yo, ak relasyon yo avèk ou:



Enfòmasyon sou Plasman

Si w kalifye pou yon abri an fanmi, nou vle mete fanmi w nan yon bon abri. Repons sou késyon sa yo p ap afekte kalifikasyon w. Repons yo pral ede nou chwazi bon abri pou fanmi ou.

Èske founisè swen prensipal nan fanmi w lan gen plis pase 70 ane?

Wi Non

Èske gen yon moun nan fanmi w ki gen yon pwoblèm medikal kwonik ki trete ak yon medikaman ki mande refrijerasyon?

Wi Non

Èske yon moun nan fanmi w bezwen ekipman medikal espesyal pou ede li ak bagay chak jou, tankou manje, respire, oswa bwè?

Wi Non

Èske gen moun nan fanmi ou ki gen pwoblèm ki afebli sistèm iminitè yo, tankou, men pa sèlman, tretman chimyoterapi aktif, VIH ki pa trete, maladi nan san, oswa k ap pran medikaman pou yon transplantasyon ògàn.

Wi Non

Èske yon moun nan fanmi ou gen omwen twa (3) pwoblèm kwonik, tankou, men pa sèlman, dyabèt, tansyon wo, opresyon, maladi kè, maladi mantal grav, twoub itilizasyon sibstans, oswa lòt?

Wi Non

Pou manm fanmi ki gen 5 an ou plis: Èske gen yon manm nan fanmi w ki genyen (oswa yo sispèk ki genyen) yon andikap entèlektyèl ak/oswa devlopmantal ki lakoz yon domaj grav ki rann li difisil oswa enposib pou moun sa a fè aktivite ki enpòtan nan lavi a (sètadi, deplase, pran swen tèt yo, kominke, aprann, kapab dirije tèt yo, viv san èd moun oswa ka pran swen tèt yo nan domèn ekonomik) san èd?

Wi Non

Pou manm fanmi ki gen 5 an ou mwens: Èske gen yon manm nan fanmi w ki gen yon reta devlopmantal ki grav oswa yon kondisyon presi depi lè l fèt oswa li vin genyen ki gen yon gwo chans pou l lakoz yon andikap devlopmantal si yo pa bay sèvis?

Wi Non

Èske ou menm oswa yon manm fanmi ou ansent? Ki dat akouchman estime pou yo?

Dat (Mwa/Jou/Ane)

Èske se yon gwosès ki gen gwo risk?

Wi Non



Enfòmasyon sou Plasman

Yon moun nan Depatman Sante Piblik ka bezwen verifye kèk nan repons ou yo. Ki jan ou ta prefere yo ranpli evalyasyon sa a?

- Sou plas
 Vityèl

Èske youn nan manm fanmi ou anrejistre nan Rejis Delenkan Seksyèl la kòm yon delenkan seksyèl Nivo 2 oswa Nivo 3? (*Repons sou kesyon sa yo p ap afekte kalifikasyon w. Repons yo pral ede nou chwazi bon abri pou fanmi ou.*)

- Wi Non

Isi wi, nivo Rejis Delenkan Seksyèl la:

- 2 3

Èske gen yon manm fanmi an ki oblige konfòme yo ak yon tribinal oswa lòt lòd gouvènman ki afekte plasman?

- Wi Non

Si wi, Ki jan tribinal la oswa lòt lòd gouvènman an afekte plasman?



Enfòmasyon sou Andikap

Enfòmasyon sou Andikap: Si ou bezwen èd anplis akòz yon andikap, ou ka mande yon Aranjman Rezonab. Pou ajoute yon demann aranjman rezonab pou yon moun nan fanmi w, tanpri ranpli sis (6) paj sa yo.

Manm Fwaye a:

Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou manm Kay sa a ki bezwen aranjman an. (Multi Select Button):

- Mwen mande pou yo mete m nan yon kalite chèltè espesyal akòz yon andikap
Ou te chwazi ou bezwen yo mete w nan yon tip chèltè espesyal. Ki tip chèltè ou bezwen?

- Mwen bezwen nan yon chèltè kote mwen pa pataje espas ak fanmi yo.
 Mwen bezwen viv tou pre yon sèten zòn oswa kote akòz yon andikap.
Ou te chwazi ou bezwen viv tou pre yon sèten zòn oswa kote akòz yon andikap.

Tanpri chwazi zòn nan oswa kote ou bezwen viv tou pre li a..

- Mwen bezwen yon chanm ki gran ase pou pran ekipman medikal mwen yo.
Ou te chwazi ou bezwen yon chanm ki gwo ase pou mete ekipman medikal ou.
Tanpri dekri ekipman medikal ou genyen yo:

- Mwen pran medikaman ki dwe konsève nan frèt. Mwen bezwen yon espas refrijere pou kenbe medikaman mwen yo.
 Mwen gen bezwen rejim alimantè espesyal. Mwen bezwen aksè a yon espas pou kwit manje, oswa lè siplemantè pou kwit manje, pou swiv rejim espesyal mwen an.
 Mwen bezwen yon chanjman nan règ kouvrefe chèltè a. Akòz andikap mwen, mwen bezwen kite byen bonè nan maten oswa retounen byen ta nan nwit.



Enfòmasyon sou Andikap

Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou manm Kay sa a ki bezwen aranjman an. (Multi Select Button):

- Mwen bezwen yon inite ki gen karakteristik espesyal.
- Mwen bezwen yon plasman chèltè ki pa gen okenn kapèt.
- Mwen pa ka monte eskalye. Mwen bezwen yon chèltè kote mwen pa bezwen monte okenn eskalye.
- Mwen pa ka monte plis pase yon sèten kantite mach eskalye. Mwen bezwen yon chèltè kote mwen pa bezwen monte plis pase kantite mach eskalye sa a. Ou te mansyone ou pa ka monte plis pase yon sèten kantite mach eskalye. Tanpri mansyone kantite mach eskalye ou ka monte?
- Mwen itilize yon chèz woulant. Mwen bezwen yon chanm chèltè ki aksesib pou chèz woulant.
- Mwen itilize yon chèz woulant. Mwen bezwen yon douch oswa basen kote chèz woulant mwen ka woule nan oswa yon beywa koupe.
- Mwen gen pwoblèm pou m chita epi kanpe. Mwen bezwen kenbe ba yo pou ede m itilize douch la oswa basen an.
- Mwen gen pwoblèm pou m chita epi kanpe. Mwen bezwen kenbe ba yo pou ede m itilize twalèt la.
- Mwen bezwen yon chèz nan douch oswa basen mwen an.
- Mwen bezwen yon tèt douch a men.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon alam souke kabann pou reveye m.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon sonèt k ap flache pou fè m konnen lè moun nan pòt chanm mwen an.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon alam dife k ap flache pou fè m konnen lè gen yon dife. Mwen bezwen alam dife a tou pou souke kabann mwen si m ap dòmi.
- Mwen pa ka wè oswa mwen gen pwoblèm vizyon. Mwen bezwen èd pou jwenn bagay nan chèltè mwen an. Mwen bezwen bagay tankou braille oswa estikè sou aparèy mwen yo.
- Mwen pa ka wè oswa mwen gen pwoblèm vizyon. Mwen bezwen pou yo ban mwen dokiman yo an braille oswa li awotvwa pou mwen.



Enfòmasyon sou Andikap

Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou manm Kay sa a ki bezwen aranjman an. (Multi Select Button):

- Yon Demann ki gen rapò ak Kominikasyon:
- Mwen pa ka li oswa gen difikilte pou li. Mwen bezwen yo li dokiman empòtan yo pou mwen.
 - Mwen gen difikilte pou sonje bagay sa yo. Mwen bezwen anplwaye chèltè pou ede m konprann sa mwen bezwen fè ak lòt enfòmasyon mwen bezwen konnen.
 - Mwen gen difikilte pou sonje bagay sa yo. Mwen bezwen anplwaye yo ekri bagay yo pou mwen nan langaj klè.
 - Mwen soud oswa mwen tandi di, epi mwen bezwen èd pou kominike. Pa egzanp, entèpretasyon lang siy ak sèvis relè pa telefòn.
 - Demann pou yon Bèt Sèvis oswa Bèt Sipò.
 - Mwen gen yon bète mwen bezwen nan chèltè a. Bète la se yon chen ki resevwa fòmasyon pou fè travay espesifik pou mwen (yon bète sèvis).
Ki travay oswa aktivite chen an te antrene pou fè? Tanpri eksplike

- Mwen gen yon bète sipò emosyonèl mwen bezwen nan chèltè a akòz andikap mwen:
 Mwen gen yon lòt tip bète sipò mwen bezwen nan chèltè akòz andikap mwen.

Tanpri dekri ki lòt tip bète sipò ou bezwen nan chèltè a akòz andikap ou:



Enfòmasyon sou Andikap

Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou manm Kay sa a ki bezwen aranjman an. (Multi Select Button):

Mwen bezwen yon asistan swen pèsonèl.

IOu te chwazi ou bezwen yon asistan swen pèsonèl (PCA). W ap bezwen reponn plis kesyon. Yo pral konsène asistan swen pèsonèl ou. Oswa yo pral konsène bezwen asistans swen pèsonèl ou.

Ki non asistan swen pèsonèl ou a?

Ki relasyon li genyen avèk ou?

Èske moun sa a travay avèk yon ajans?

Wi Non

Ki non ajans lan?

Konbyen fwa ou bezwen PCA a?

Apeprè konbyen èdtan pa jou ou bezwen PCA a?

Èske ou bezwen PCA a lannwit lan?

Wi Non

Mwen pèdi lojman mwen pou yon rezon ki anjeneral pa ta kalifye pou pwogram EA a. Rezon ki fè mwen pèdi lojman mwen an te gen rapò ak andikap mwen.

Tanpri eksplike:



Enfòmasyon sou Andikap

Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou manm Kay sa a ki bezwen aranjman an. (Multi Select Button):

Lòt Aranjman

Ou te chwazi ou ta bezwen lòt aranjman ki pa nan lis pi wo a. Tanpri eksplike::

Nan kesyon ki vin apre a, di nou poukisa ou bezwen èd la pou chak bwat ou tcheke pi wo a. Ban nou okan detay ou kapab sou èd ou bezwen an. Eksplike kijan èd la gen rapò ak andikap ou. Eksplike poukisa ou bezwen èd pou benefisyè pwogram EA a. Pataje tout detay anplis sou èd ou bezwen an. Si ou gen yon lèt konsènan èd ou bezwen an, tanpri mete li avèk fòm sa a. Pral gen yon chans pou telechaje dokiman nan fen aplikasyon an. Lèt sa a dwe soti nan men yon moun ki gen konesans dirèk sou bezwen



Enfòmasyon sou Andikap

EOHLC ka bezwen verifye andikap ou ak yon pwofesyonèl ki kalifye tankou yon founisè swen sante oswa yon travayè ka. Si wi, èske ou ta renmen EOHLC kontakte yo dirèkteman nan non ou, oswa ou ta renmen kontakte li?

- EOHLC ka kominike avèk founisè a nan non mwen.

Ki non premye founisè swen sante a? Ki Siyati founisè swen sante a? Ki nimewo telefòn founisè swen sante a?

- Mwen pral travay avèk founisè mwen an pou bay EOHLC enfòmasyon ki nesesè yo.
(Founisè w la ap bezwen ranpli yon fòm divilgasyon founisè. Tanpri mande koòdonatè sanzabri w la pou èd.)



Kalite Dokiman ki Nesesè

Nou pral mande w dokiman pou aplikasyon w lan. Nou pral kenbe enfòmasyon ou yo prive.

Dokiman nou bezwen anvan nou ka ofri w chèltè Fanmi Ijans EA:

Prèv Idantite ak Relasyon Familyal:

Poukisa?

Nou bezwen konnen plis sou ou menm ak ptit ou yo pou konfime nou tout fè pati yon sèl fanmi. Nan pwogram nan, yon fanmi dwe gen ladan yon timoun ki poko gen 21 ane oswa yon moun ki ansent. Yon fanmi kapab genyen ladan l tou:

- Paran oswa Gadyen
- Mari/madanm
- Frè ak sè
- Boparan
- Bofi/bèlfì
- Demi frè/demi sè
- Fanmi ki pran swen timoun nan Paske pa gen okenn paran nan fanmi

Lòt Dokiman nou bezwen:

Dokiman Rezidans MA:

Poukisa?

Pwogram sa a se pou fanmi ki nan Massachusetts epi ki gen entansyon rete isit la.

Dokiman pou kòz sanzabri:

Poukisa?

Nou ka sèlman ede fanmi ki sanzabri pou sèten rezon. Nou ka ede tou kèk fanmi ki pa gen yon kote ki an sekirite pou yo rete.

Enfòmasyon Finansye - Byen ak Revni:

Poukisa?

Nou ka sèlman ede fanmi ki anba limit revni ak byen nou yo.

Dokiman Sitwayènte oswa Imigrasyon:

Poukisa?

Tout manm fanmi yo dwe gen yon estati imigrasyon elijib.



Remèsiman

Tanpri li chak deklarasyon ak anpil atansyon, apre sa mete inisyal ou nan bwat ki anba yo:

Inisyal ou

Enfòmasyon nan aplikasyon sa a se verite dapre tout sa mwen konnen.

Mwen konprann mwen oblige bay dokiman pou sipòte aplikasyon mwen an.

Inisyal ou

Mwen konprann yo pral revize Rejis Delenkan Seksyèl la pou wè si yon manm fanmi an se yon delenkan seksyèl ki anrejistre. Sa a pa pral afekte kalifikasyon ou pou chèltè. Sa ka afekte kote yo mete nou nan chèltè a.

Inisyal ou

Mwen konprann si mwen kite oswa yo mete m deyò nan chèltè a, mwen pa ap elijib pou Chèltè Familyal Ijans EA pandan 12 mwa.

Inisyal ou

Mwen konprann mwen dwe siyen yon fòm ki pèmèt yon verifikasiyon istwa kriminèl, Enfòmasyon sou Dosye Delenkan Kriminèl Massachusetts (CORI).

Mwen konprann rezulta CORI mwen yo ka afekte elijiblite mwen ak kote yo mete fanmi mwen nan chèltè.

Inisyal ou

Mwen se yon rezidan Massachusetts ki gen entansyon rete nan Massachusetts. Mwen gen oswa mwen pral bay dokiman pou chak granmoun nan fanmi mwen pou pwouve sa

Inisyal ou

Tout manm fanmi mwen yo legalman preznan peyi Etazini oswa yon timoun nan fanmi mwen gen yon estati elijib. Mwen gen oswa mwen pral bay dokiman pou pwouve sa.



Remèsiman

Lè mwen siyen, mwen konfime aplikasyon sa a konplè. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay la kòrèk.

Siyati w

Dat (Mwa / Jou / Ane)

<input type="checkbox"/>				
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

<input type="checkbox"/>				
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

<input type="checkbox"/>				
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

<input type="checkbox"/>				
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

Chèltè Familyal Ijans EA Resi Règ Pwogram Chèltè Inifòm

Kowòdonatè Sanzabri ta dwe ba ou yon kopi "Summary of Emergency Assistance (EA) Uniform Shelter Program Rules" dokiman. Tanpri klike isit la pou li deklarasyon an ak anpil atansyon. Apre sa, siyen, enprime epi mete dat jodi a.

Lè mwen siyen, mwen konfime ke mwen te resevwa yon kopi Règleman Pwogram Chèltè Inifòm yo. Mwen konprann fanmi mwen pral oblige swiv Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo lè nou nan chèltè a. Mwen konprann tou, si fanmi m pa obeyi règ yo, yo ka mete fanmi m deyò nan abri a.

Siyati Kandida

Dat (Mwa / Jou / Ane)

<input type="checkbox"/>				
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------



Voluntary Consent to Share Information

Atik 1: Konsantman pou pataje ak resevwa enfòmasyon sou ou ak fanmi ou

Mwen konprann Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab (EOHLC) ka bezwen enfòmasyon sou fanmi mwen nan men lòt moun pou chèche konnen si mwen kaliye pou pwogram Asistans Ijans (EA). Mwen bay pèmisyon pou nenpòt ajans gouvènman, òganizasyon, founisè medikal, konpayi, patwon, oswa moun pou pataje enfòmasyon sou mwen ak tout manm fanmi mwen yo avèk EOHLC. Mwen konprann enfòmasyon yo ka gen ladan kopi dosye papye oswa elektwonik.

Mwen konprann EOHLC ka bezwen pataje enfòmasyon sou fanmi mwen ak lòt moun pou jere pwogram EA a. Mwen konprann tou sa ka rive menm apre yo fin jwenn fanmi mwen elijib pou pwogram EA a. Mwen bay EOHLC pèmisyon pou pataje enfòmasyon sou mwen ak fanmi mwen avèk ajans gouvènman yo, chèchè, ak òganizasyon ki travay avèk EOHLC. Mwen konprann EOHLC toujou oblige konfòme l avèk lwa sou vi prive eta a.

Siyati tout Manm Fanmi Adilt yo (ki gen 18 an oswa plis)

Lè mwen siyen anba a, mwen bay EOHLC pèmisyon pou pataje ak resevwa enfòmasyon sou mwen ak tout manm fanmi mwen ki nan lis sou fòm sa a.

Non Aplikan – Ekri li an Lèt Detache

Siyati Kandida a

Dat (Mwa / Jou / Ane)

Non Lòt Adilt ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

Non Lòt Adilt ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

Non Lòt Adilt ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)



Divilgasyon Aranjman Rezonab

Mwen te mande EOHL pou yon akomodasyon rezonab. Mwen pèmèt founisè ke mwen mansyone a pou bay EOHL enfòmasyon pou EOHL ka pran yon desizyon. Mwen sèlman pèmèt founisè sa pou l bay EOHL enfòmasyon ki aplike ak demand mwen an pou akomodasyon rezonab.

Mwen konprann ke:

- EOHL ka pa kouvri pa menm règleman ak founisè mwen an.
- EOHL ap kenbe tout enfòmasyon sa yo konplètman konfidansyèl (privé).
- EOHL ap sèlman itilize enfòmasyon sa pou pran yon desizyon sou demand akomodasyon rezonab mwen an.
- Founisè mwen an paka rekòmande m siyen yon fòm pou banm tretman medikal.
- Mwen ka mande pou kanpe pèmisyon sa a **nan** nenpòt moman.

Èske w pèmèt founisè sa pou pataje enfòmasyon sou tretman dwòg oswa alkòl?

Wi Non

Si wi, Pèmisyon sa ap dire pou yon lane otomatikman, oswa jiska dat ki seleksyon anba a:

Dat (Mwa / Jou / Ane)

--	--	--	--	--

Siyati Kandida

--	--	--	--	--

Dat (Mwa / Jou / Ane)

Ki sa ki vini apre?

1. Soumèt Aplikasyon w:

Voye aplikasyon w ranpli a bay anplwaye EOHL yo pa imèl oswa remèt li nan men.

2. Diskite sou Egzijans Dokiman yo:

Pale ak anplwaye EOHL sou dokiman ki nesesè yo. Yo pral ede w konprann sa w bezwen soumèt.

3. Rasable ak Soumèt Dokiman yo:

Anplwaye yo pral di w ki dokiman nou bezwen pou mete w nan chèltè. Ou ka imèl oswa remèt nou dokiman yo nan men.

4. Revizyon EOHL:

EOHL pral revize avèk anpil atansyon sa ou te ban nou an. Anplwaye EOHL yo ka kontakte w si nou gen kesyon.

5. Desizyon Elijiblite:

EOHL pral fè w konnen desizyon sou aplikasyon w lan.